



Enstriksyon pou Pwoteksyon kont Abi

<https://courts.delaware.gov/family>

1035IP-C PFA Instruction Packet – Creole
Rev 10/21

Liy Èd Telefonik 24 sou 24 yo pou Vyolans Familyal: Konte New Castle 302-762-6110 Kent ak Sussex 302-422-8058

TAB DE MATYÈ

Entwodiksyon.....	4
--------------------------	----------

*Objektif dokimantasyon sa a
Pou konprann pawòl jiridik yo
Defans ak resous jiridik
Pwosedi PFA a PA yon dosye kriminèl
Bagay ou dwe konnen pou SEKIRITE ou*

1. Kisa yo rele Lòd Pwoteksyon kont Abi?	7
---	----------

2. Kiyès ki kapab fè yon demann Lòd Pwoteksyon kont Abi?	7
---	----------

E si dosye a se pou abi yon timoun?

Relasyon ki Kalifye

3. Kisa yo konsidere kòm “abi”?	9
--	----------

4. Kisa “Pwoteksyon” ye e kisa yon Tribunal Koze Lafanmi kapab òdone?	14
---	-----------

5. Kisa yo rele yon Lòd Dijans?	15
--	-----------

Seyans Tribunal Akselere

6. Pou Avèti Moun yo Asiyen an yo fè yon demann PFA kont li	16
--	-----------

Pou remèt petisyon an

Nòt sou SEKIRITE

7. Ki fòmilè oswa dokiman ou dwe depoze?	16
---	-----------

Fòmilè obligatwa yo

Fòmilè ki depann de sitiyasyon an

8. Kijan/ki kote pou yon moun fè yon demann Lòd PFA?	19
---	-----------

An pèsonn nan Tribunal Koze Lafanmi an

Imèl

Lapòs USPS

9. Kisa k ap pase lè ou fin depoze yon petisyon?	20
---	-----------

Demann Dijans San Pati Opoze a (Ex Parte)

Ki mezi ki kapab pran si yo vyole yon demann dijans ki fèt san pati opoze a?

Sekirite

Pwogramasyon Dijans

Demann nòmal

Avi sou Egzamen Ka

Envitasyon pou Zoom ak Gid pou Itilizatè yo

10. Preparasyon pou Egzamen Ka PFA a 21

11. Kisa k ap pase nan Egzamen Ka a? 21

12. Preparasyon pou Pwosè 23

Prèv yo

Temwen yo

Manda pou temwen konparèt yo

13. Kisa k ap pase nan yon Pwosè PFA? 25

14. Pou Konprann Lòd PFA a 25

Konbyen tan Lòd PFA a dire?

15. Kisa k ap rive si yo vyole yon Lòd PFA? 26

16. Èske yo kapab chanje oswa wete Lòd PFA yo? 27

17. Kisa k ap pase lè PFA a fin ekspire? 27

18. Èske yo kapab fè apèl desizyon Tribunal la? 27

E si yo te rejte petisyon an poutèt moun k ap asiyen an pa t parèt?

19. Resous pou Sipò ak Defans 28

Pou jwenn yon avoka

Sant antrèd

Pwogram Defans kont Vyolans Familyal

Pwokirè Jeneral

20. Enfòmasyon pou Moun yo Asiyen yo 29

Pou Reponn yon Petisyon pou PFA

Lè yo Remèt ou Petisyon ak Lòd PFA a

Zam afe

21. Òganigram 31

Entwodiksyon

• *Objektif Dokimantasyon sa a*

Dokimantasyon sa a ap ba ou enfòmasyon sou pwosesis pou depoze petisyon pou Pwoteksyon kont Abi an (Protection from Abuse , "PFA") nan Delaware epi l ap eksplike etap yo nan pwosesis la pou kalite dosye sa yo. Li enstriksyon sa yo byen. Dokimantasyon sa a p ap ba ou konsèy jiridik. L ap ba ou *enfòmasyon jiridik* sou sa lalwa Delaware egzije, ak sou kijan pwosesis la mache.

ATANSYON: Èske w ap chèche Gad Timoun? Nan sèten sitiyasyon, ou gen dwa chwazi depoze petisyon ni pou PFA ni pou Gad Timoun. Menm si yon lòd PFA gen dwa kapab okipe zafè gad pwovizwaman, li ta bon pou w fè demann pou yon lòd gad timoun pèmanan. Gen dokimantasyon separe avèk Enstriksyon Pou Fè Demann pou Gad Timoun. Si w ap chèche yon Lòd Tribunal pou Gad Timoun, tanpri li byen dokiman sou Gad Timoun nan ki disponib sou sit entènèt Tribunal Koze Lafanmi an:

<https://www.courts.delaware.gov/family/custody/index.aspx>

Entwodiksyon sa a se yon rezime kèk nan pwen pi enpòtan yo nan yon dosye PFA. W ap jwenn yon eksplikasyon pi detaye sou pwosesis PFA a nan dokimantasyon sa a.

• *Pou Konprann Pawòl Jiridik yo*

- **Moun k ap asiyen an:** Yon moun ki kòmanse yon aksyon jiridik, abityèlman nan yon dosye sivil. Moun ki prezante yon petisyon devan Tribunal la. Nan yon pwosedi PFA, moun k ap asiyen an se moun ki depoze petisyon an e ki deklare li oswa pitit li sibi abi.
- **Moun yo asiyen an:** Moun yo depoze petisyon oswa plent kont li an. Nan yon aksyon PFA, moun yo asiyen an se moun ke moun k ap asiyen an deklare ki abize moun k ap asiyen an oswa pitit moun k ap asiyen an. Moun k ap asiyen an ak moun yo asiyen an nan yon aksyon PFA dwe gen yon relasyon ant yo nan youn nan fason lalwa Delaware idantifye yo. Pou yon lis konplè relasyon ki kalifye yo pou solisyon PFA, gade Paj 9.
- **Komisè:** Yon Majistra ki gen pouvwa tandé nepòt ki dosye sivil nan jiridiksyon Tribunal la. Komisè yo oswa Jij yo pral prezide pwosedi PFA yo.
- **Abi:** Lalwa Delaware defini abi pou mete ladan abi fizik, abi seksyèl, menas abi, oswa zak ki ta ka lakòz laperèz oswa detrès emosyonèl. Abi kapab tou nepòt ki konduit yon moun rezonab ta panse ki menasan oswa danje. Yo kapab bay yon PFA

sèlman si Tribunal la konkli gen yon zak abi ki te fèt oswa si toude pati yo dakò sou yon Lòd.

- **Solisyon:** Yo gen dwa òdone pwoteksyon jiridik nan PFA a pou dekouraje lòt abi pi devan sou moun k ap asiyen an ak/oswa sou ptit moun k ap asiyen an.
- **Lòd San Pati Opoze a:** Yon Lòd Dijans Pwovizwa yo akòde nan avantaj yon pati san yo pa avèti lòt pati a. Yon seyans tribunal konplè avèk avi pou toude pati yo ap fèt yon lòt dat apre sa.
- **Egzamen Ka:** yon pwosedi PFA kote toude pati yo pral rankontre avèk yon manm pèsonèl Tribunal Koze Lafanmi an pou diskite sou dosye yo a. Tout dosye PFA yo ap pwograme pou Egzamen Ka. Egzamen Ka a ap fèt anvan Pwosè a.
- **Pwosè:** Yon odyans jidisyè pou konnen ki pwoblèm ki genyen ant de (2) pati yo nan yon aksyon gras a temwayaj temwen yo ak dokimantasyon. Nan yon pwosè PFA, moun k ap asiyen an pral eseye bay prèv moun yo asiyen an te abize moun k ap asiyen a ak/oswa ptit moun k ap asiyen an.
- **Lòd PFA:** Yon lòd ki gen solisyon ki fèt pou anpeche yon moun (moun yo asiyen nan demann PFA a) abize yon lòt moun (moun k ap asiyen nan demann PFA a oswa ptit li). Solisyon yo bay la se gen dwa bay moun yo asiyen an limit pou li pa komèt vyolans familyal, bay moun yo asiyen an limit pou li pa kontakte moun k ap asiyen an, akòde moun k ap asiyen an dwa pou se li sèlman ki rete nan kay la, akòde gad pwovizwa timoun yo, bay soutnans pou timoun ak/oswa pou mari/madanm nan, bay lòd pou moun yo asiyen an remèt zam afe, epi bay lòd pou li patisce nan konsèy sikolojik. Yo kapab bay yon Lòd PFA pa defo, si pati yo dakò, oswa apre yon seyans tribunal konplè.

• ***Resous Jiridik ak pou Defans***

Chak dosye diferan, e ou dwe konnen pou tèt pa ou kijan lalwa aplike pou dosye pa w la. Ou dwe reflechi sou jwenn yon avoka pou ede ou-ke se ou k ap depoze dosye a ke ou gen yon dosye yo depoze kont ou. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou kijan pou w jwenn avoka (nan sèten ka menm si ou pa gen anpil lajan oswa ou pa gen lajan ditou) nan Seksyon 19 dokimantasyon sa a.

Kòm moun k ap asiyen, ou gen dwa chwazi reprezante tèt ou, anboche yon avoka prive, oswa chèche asistans nan men yon pwogram avoka benevòl (Gade seksyon 19). Tribunal Koze Lafanmi an pa ofri konsèy jiridik gratis pou okenn nan pati yo nan yon dosye PFA.

Si ou pa gen avoka pou yon dosye PFA, ou kapab reprezante tèt ou. Enstriksyon sa yo pral ede gide ou atravè kondisyon jiridik yo ak pwosesis la.

Si ou se yon viktим vyolans familyal e ou bezwen sèvis defans oswa ou vle pale ak yon moun de sekirite ou, ou kapab jwenn defansè ak resous liy asistans telefonik nan Seksyon 19.

Defansè yo ki nan Tribunal la gen yon biwo nan biling Tribunal Koze Lafanmi an (men yo pa anplwaye tribunal la) e yo kapab ede viktим vyolans konjigal yo nan pwosesis PFA a. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte Pwogram Defans kont Vyolans Familyal la nan Seksyon 19.

• **Pwosedi PFA a PA yon dosye kriminèl**

Yon dosye PFA se yon dosye sivil, pa yon dosye kriminèl. Abi kapab mennen pwosè kriminèl tou. Si yon moun abize ou, ou gen dwa kontakte lapolis pou fè akizasyon kriminèl ak/oswa pou mande yon PFA sivil. Men, yon dosye kriminèl pa gen menm lwa ak pwosesis avèk yon dosye sivil PFA. Yon lòd PFA ofri plis pwoteksyon (solisyon) ki pa disponib nan pwosesis kriminèl la. Pwosesis kriminèl la ofri rezulta ki pa disponib pase pa pwosesis PFA a tankou pou suit kriminèl, prizon, oswa libète siveye moun ki komèt zak la. Ou gen dwa pou suiv nenpòt oswa toude posibilité pwoteksyon yo, sivil ak kriminèl, selon sitiyasyon w lan ak nesesite pou pwoteksyon an. Si ou mande yon PFA e ou gen yon dosye kriminèl tou, ou dwe parèt pou ni PFA a ni seyans tribunal kriminèl yo.

• **Bagay ou dwe konnen pou Sekirite ou**

- Lè ou depoze Petisyon pou yon Lòd Pwoteksyon kont Abi, moun yo asiyen an **ap** resewwa kopi petisyon an ak akizasyon abi yo.
- Moun yo asiyen an **ap** resevwa Avi Seyans Tribunal pou Egzamen Ka PFA a e Tribunal la **vle** pou li patisce.
- Pandan pwosesis PFA a, moun k ap asiyen an ak moun yo asisyen an gen dwa nan menm sal tribunal la oswa sal tribunal vityèl la an menm tan.
- Yon Lòd PFA kapab fè pati yon plan sekirite, men gen souvan lòt bagay pou reflechi sou yo ak lòt mezi yon viktим ka pran pou amelyore sekirite li ak sekirite pitit li yo.
- Gen defansè nan kominote a ki disponib pou ede viktим yo deside ki opsyon sekirite ki pi bon pou sitiyasyon patikilye pa yo a. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan Seksyon 19 dokimantasyon sa a.

1. Kisa yo rele Lòd Pwoteksyon kont Abi?

Yon Lòd PFA se yon Lòd Tribunal ki fèt pou ede pwoteje yon moun kont abi. Yon Tribunal kapab bay moun k ap fè abi an lòd pou li sispann abi an, pou li rete lwen moun nan oswa ptit moun nan ak lòt bagay pou minimize chans pou abi an fèt ankò. Pami bagay sa yo gen itilizasyon eksklizif yon kay, gad timoun yo, soutnans pou timoun ak pou kay la, konpansasyon pou blesi medikal ak afè ki kraze oswa vòlè, posesyon pwovizwa pwopriyete pèsonèl, ak patisipasyon nan tretman prevansyon vyolans familyal. Ou gen dwa mande pwoteksyon pou yon timoun tou oswa poutèt abi yo komèt dirèkteman kont timoun nan oswa poutèt abi paran timoun nan ak efè abi sa a sou timoun nan.

Yo bay yon Lòd PFA oswa apre yon pwosè konplè oswa avèk akò pati yo. Yo rele yon lòd apre yon akò yon Lòd pa Konsantman. Nan yon pwosè PFA, Moun k ap asiyen an dwe bay yon majistra (abityèlman yon Komisè) prèv Moun yo asiyen an te komèt zak abi kont Moun k ap siyen an oswa kont ptit Moun k ap asiyen an. Nòmalman, yon lòd PFA kapab dire jiska de (2) ane. Si ou bay prèv "sikonstans agravan" tou, lòd la kapab dire plis pase de (2) ane oswa, menm, pa janm fini.

2. Kiyès ki kapab fè yon demann Lòd Pwoteksyon kont Abi?

- Yon moun ki depoze yon petisyon pou PFA rele yon moun k ap asiyen.
- Moun yo fè petisyon kont li an rele moun yo asiyen an.
- Se sèlman moun ki nan sèten relasyon "familyal" ki kalifye pou pwoteksyon Lòd PFA a.
- Lalwa tabli ki kalite relasyon ki kalifye. Se sèlman relasyon ki idantifye nan rektang ki nan pwochen paj la ki kalifye pou pwoteksyon pase pa pwosesis petisyon pou PFA sa a.

ATANSYON: Si ou sibi abi epi relasyon w lan pa antre nan okenn nan kategori ki nan lis ki pi ba a, li ta bon pou w ta konsidere kontakte lapolis pou fè akizasyon kriminèl. Kòm kondisyon depo, Tribunal la gen dwa bay yon Lòd Penal Pa Pran Kontak.

E si dosye a se pou abi yon timoun?

- Paran oswa responsab legal yon timoun kapab fè demann yon Lòd Pwoteksyon kont Abi onon yon timoun. Oswa paran OSWA timoun nan dwe

nan youn nan relasyon yo avèk moun yo akize li komèt abi an ki nan lis ki pi ba a.

- Nan sèten ka, l ap bon pou moun k ap asiyen an depoze yon petisyon PFA pou abi kont tèt li AK pou abi kont yon timoun, oswa pou yon timoun sèlman.
- Pou jwenn yon Lòd PFA pou yon timoun, ou dwe bay prèv timoun nan bezwen pwoteksyon dapre lalwa Delaware. Sa vle di ou dwe bay prèv te gen yon zak abi kont timoun nan. W ap gen pou prezante prèv abi an devan Tribunal la. Ou gen dwa oblige mennen timoun nan kòm temwen pou li eksplike sa ki te rive a, epi yon Jij oswa yon Komisè gen dwa entèwoje timoun nan tou. Si abi sou timoun se sèl akizasyon an, li ta bon pou yon pati reflechi sou depoze yon Demann pou Sispenn Vizit oswa yon Petisyon pou Gad Timoun ansanm ak yon Afidavi pou Seyans Tribunal Dijans. Zafè sa yo konplike, donk li ta bon pou yon pati konsidere jwenn konsèy jiridik nan men yon avoka anvan.

Relasyon ki Kalifye yo. Si ou nan youn nan relasyon ki nan lis ki pi ba a, ou kapab fè demann pou PFA:

- Marye.
 - Ansyen mari ak madanm. Si de (2) moun te janm marye, menm pandan yon tan tou kout.
 - De (2) moun ki rete ansanm avèk ptit youn oswa toude nan pati yo. (De (2) moun ki pa marye e ki rete ansanm rele "ko-abitan" selon lalwa Delaware.)
 - Moun ki rete separeman youn de lòt men ki gen ptit ansanm.
 - Moun ki rete ansanm e ki "prezante tèt yo kòm yon koup." "Prezante tèt yo" kòm yon koup vle di moun yo di yo se yon koup e yo aji tankou koup.
 - Moun ki nan yon "relasyon damou toutbon kounye a oswa ki te nan youn anvan sa."
- ATANSYON: Ou pa oblige rete nan menm kay ak yon moun pou nou nan yon relasyon damou toutbon.

Kisa ki konte kòm "relasyon damou toutbon?" Sa pral depann de enfòmasyon dosye a. Tribunal la pral gade yon kantite bagay pou deside si relasyon an kalifye. Li gen dwa depann de dire relasyon an, de kalite relasyon an, epi de kantite fwa ak ki fason moun yo kominike youn ak lòt.

ATANSYON: Moun ki zanmi sèlman oswa ki pa konn youn lòt byen *pa* antre nan definisyon sa a.

ATANSYON: Etranje pa antre nan definisyon sa a.

- Nenpòt nan relasyon familyal sa yo kalifye [10 D. C. 901(12)]
 - Paran (sa gen ladan boparan)
 - Pittit (sa gen ladan bofis/bèlf)
 - Frè oswa sè (sa gen ladan bofrè/bèlsè)
 - Granparan oswa granpitit
- Anplis de sa, tout lòt manm fanmi ki gen relasyon san, adopsyon oswa maryaj avèk ou ki rete nan menm kay avè w. ATANSYON: Sa vle di pou fanmi ki pa nan lis ki pi wo a tankou kouzen, matant ak monnonk, relasyon an pa kalifye pou yon PFA sòt si nou rete youn ak lòt.

3. Kisa yo konsidere kòm "abi"?

Abi gen definisyon li nan règleman PFA a. Règleman an (oswa Lwa a) separe kalite abi yo an 8 kategori ki annapre yo:

a. Ap koze, oswa ap eseye koze, donmaj fizik oswa enfraksyon seksyèl.

- ATANSYON: sa gen ladan danje fizik oswa move konduit seksyèl.
- ATANSYON: Pami enfraksyon seksyèl yo gen anpil diferan kalite konduit, pa kadejak sèlman. Esansyèlman, tout manyen pati prive nan kò a san konsantman se enfraksyon seksyèl.
- Men sa lalwa di egzakteman: "Fè espre oswa san prekosyon koze oswa eseye koze donmaj fizik oswa enfraksyon seksyèl (jan sa defini nan § 761 nan Tit 11)."

ATANSYON: "Tit 11" se pati nan lwa Delaware la ki defini enfraksyon kriminèl. Enfraksyon kriminnèl nan Tit 11 gen ladan (pami lòt bagay) tizonnay seksyèl, etalay endesan, kontak seksyèl ilegal, kadejak, chantay seksyèl ak abi seksyèl konstan sou yon timoun.

b. Fè espre fè yon moun pè danje fizik oswa enfraksyon seksyèl, menm si pa gen kontak fizik ki fèt toutbon.

- Men sa lalwa di egzakteman: "Fè espre oswa san prekosyon mete oswa eseye mete yon lòt moun nan krent rezonab donmaj fizik oswa enfraksyon seksyèl kont moun sa a oswa kont yon lòt moun."
- ATANSYON: Lalwa pa egzije pou moun yo asiyen an fè kontak ak viktim nan. Paregzanp: Si Moun yo asiyen an voye yon boutèy sou Moun k ap asiyen an, men li pa pran li, konduit sa a se abi e li tonbe nan seksyon sa a.

**c. Fè espre oswa avèk anpil negligans donmaje, kraze,
oswa pran afè yon lòt moun.**

- Men sa lalwa di egzakteman: "Fè espre oswa san prekosyon donmaje, kraze oswa pran afè konkrè yon lòt moun."
- ATANSYON: Si moun yo akize de abi an kraze oswa vòlè bagay ki se afè viktим nan, seksyon sa a aplike – sa pa gen enpòtans si wi ou non bagay li pran oswa kraze yo gen gran valè. Paregzanp: Si Moun yo asiyen an kraze telefòn selilè Moun k ap asiyen an konduit sa a se abi e li tonbe nan seksyon sa a.

**d. Plede ap fè bagay ki gen anpil chans pou koze
laperèz oswa detrès emosyonèl, oswa ki gen anpil
chans pou fè yon moun reyaji yon fason vyolan.**

- Sa lalwa di egzakteman se "Gen yon seri konduit efreyan oswa penib yon fason ki gen anpil chans koze laperèz oswa detrès emosyonèl oswa pwovoke yon reyaksyon vyolans oswa dezòd."
- ATANSYON: Pafwa ajisman moun k ap komèt abi an kapab pran fòm tizonnay repeète oswa konpòtman ap talonnen. Paregzanp: Plede ap talonnen avèk koutfil oswa mesaj pa tèks, suiv viktим nan, abitid kite oswa voye pou viktим nan bagay oswa kado li pa vle ki gen dwa soti depi nan parèt womantik rive nan dwòl, suiv oswa rete ap tann viktим nan, menase donmaje afè viktим nan, fè manti sou viktим nan, oswa tizonnen viktим nan sou Entènèt nan poste enfòmasyon pèsonèl oswa nan simaye zen sou viktим nan.

*e. Abi sou timoun. Sa kouvri yon gran evantay zak.
Genyen nan yo ki se donmaj fizik, abi seksyèl, ak abi
emosyonèl.*

- Abi sou timoun, jan li defini nan Chapit 9 Tit 16 la.” (Tit sa a nan tou pa li prete definisyon an nan 10 Del. Kòd § 901, ki gen pawòl sa yo ladan): “Abi” oswa “timoun ki sibi abi” vle di yon moun:
 - a. Koze oswa fè abi seksyèl sou yon timoun; oswa
 - b. Ap okipe, gen gad oswa kontwòl yon timoun, epi koze oswa fè:
 - 1. Donmaj fizik avèk fòs ki pa jistifye...;
 - 2. Abi emosyonèl;
 - 3. Tòti;
 - 4. Eksplwatasyon; oswa
 - 5. Maltretans oswa move tretman.
- ATANSYON: Abi yon timoun bay paran an oswa responsab legal la dwa chèche PFA, menm si granmoun nan pa yon viktим dirèk abi an. Jan règleman an di sa klè, lis zak ki kalifye yo kòm abi sou timoun kouvri anpil bagay, sa gen ladan fè abi fizik oswa emosyonèl sou yon timoun.

*f. Antre san otorizasyon sou pwopriyete yon lòt moun.
Menm si yon moun se mèt pwopriyete a, si gen yon
lòd tribunal ki di li pa ka al sou li, li antre san
otorizasyon si li pa obeyi lòd la.*

- Men sa lalwa di egzakteman: “Antre sa otorizasyon sou oswa nan pwopriyete yon lòt moun, oswa sou oswa nan yon pwopriyete kote gen yon lòd tribunal ki di moun k ap antre san otorizasyon an pa gen dwa antre ladan.”
- ATANSYON: Viktim nan pa bezwen mèt pwopriyete a. Si viktим nan gen yon kontra lokasyon valid sou pwopriyete a, lè moun yo akize abi an antre san otorizasyon sa ap kalifye viktим nan tou pou yon lòd pwoteksyon dapre seksyon sa a.

g. Anprizònman, kidnapin, oswa fòse lòt pati an fè yon bagay li pa vle fè (“presyon”)—oswa anpeche gad yon timoun.

- Men sa lalwa di egzakteman: “Anprizònman ilegal, kidnapin, anpèchman gad timoun ak presyon, jan sa defini nan Tit 11.”
- Atansyon: Paregzanp, Moun yo asiyen an fèmen Moun k ap asiyen an nan sousòl lakay li san Moun k ap asiyen an pa dakò. Konduit sa a se abi e li tonbe nan seksyon sa a. Yon lòt egzanp: Si Moun k ap asiyen an gen dwa legal pou li gade yon timoun, Moun yo asiyen an pa gen dwa anpeche dwa sa a – menm si Moun yo asiyen an paran oswa responsab legal tou. Donk, si Moun k ap asiyen an sipoze kapab gen kontak ak timoun nan epi Moun yo asiyen an ilegalman anpeche kontak sa a, anpèchman an ta ka kalifye kòm abi dapre seksyon sa a nan lwa a.

h. Tout konduit ki menasan oswa danje.

- Men sa lalwa di egzakteman:
- “Tout lòt konduit ke yon moun rezonab nan sikontans yo ta panse ki menasan oswa danje.”
- ATANSYON: Se yon definisyon laj pou abi ki pèmèt yon gran evantay zak konte kòm abi dapre lalwa. Anpil fwa zak abi yo ap ale avèk lis presi nou diskite pi wo a. Menm si se pa sa, yon tribinal kapab kanmenm konkli te gen abi si li ale avèk definisyon “jeneral” sa a. Paregzanp, yo kapab konsidere menase avèti otorite imigrasyon yo sou kote yon imigran san papye ye kòm abi menm si li pa tonbe nan okenn nan lòt kategori yo.
- ATANSYON: Paragraf sa a gen dwa gen ladan zak ki fèt yon sèl fwa ki ekstrèm oswa dwòl. Yo gen dwa mande yon lòd pwoteksyon menm si yo pa tonbe nan lòt definisyon abi yo. Yon egzanp se touye oswa menase touye yon bêt fanmi an pou koze laperèz oswa freyè kay yon Moun k ap asiyen, oswa ki *lakòz* laperèz oswa freyè kay Moun k ap asiyen an oswa pitit li.

4. Kisa 'Pwoteksyon' ye e kisa yon Tribinal Koze Lafanmi kapab òdone?

Tribinal la gen fleksibilite nan dosye PFA yo e li kapab pase Lòd ki pral ede kenbe viktim yo ak pitit yo an sekirite. Tribinal la ka chwazi ofri moun yo abize a solisyon jeneral ak resous.

Men yon lis kalite solisyon jidisyè ki disponib selon lalwa Delaware:

PWOTEKSYON POU SEKIRITE

- Bay moun yo asiyen an lòd pou li pa komèt zak vyolans familyal.
- Entèdi moun yo asiyen an pou li kontakte moun k ap asiyen an sa gen ladan pa imèl, pa telefòn, nan travay li, nan lekòl pitit li, nan makèt.
- Bay moun yo asiyen an lòd pou li rete lwen moun k ap asiyen an.

ITILIZASYON PWOPRIYETE

- Bay moun k ap asiyen an dwa rete nan kay la, menm si se yon lòt moun ki mèt li oswa ki sou kontra lokasyon an.
- Bay moun k ap asiyen an itilizasyon pwovizwa pwopriyete pèsonèl ki se pou nenpòt nan pati yo —tankou machin, mèb, kanè chèk, oswa kle.

GAD TIMOUN

- Akòde moun k ap asiyen an (oswa yon lòt manm fanmi an) gad pwovizwa timoun yo.
ATANSYON: Gad la vle di orè pou chak paran pase tan ak yon timoun oswa plizyè timoun ak kiyès k ap pran gwo desizyon pou yon timoun. *Gade Dokimantasyon sou Gad Timoun nan pou plis enfòmasyon.*

PWOTEKSYON FINANSYE

- Bay lòd soutnans pou timoun oswa sipò finansye pou moun k ap asiyen an, si pati an gen obligasyon jiridik pou li peye soutnans dapre 13 Del. Chapit 5 nan Tit 13 nan Kòd Delaware la.
- Bay moun yo asiyen an lòd pou li peye moun k ap asiyen an (oswa yon lòt manm nan fanmi an) lajan pou tout sa li pèdi poutèt vyolans familyal la. Pami bagay sa yo gen depans medikal ak dantè, depans pou konsèy sikolojik, revni travay ki pèdi, depans pou ranje oswa ranplase afè ki donmaje oswa yo te pran, ak depans pou deplasman (sa gen ladan demenajman).

- Bay lòd pou moun yo asiyen an peye depans pou aksyon jidisyè a. Sa kapab gen ladan lajan avoka yo mande li peye.

ZAM AFE

- Bay moun yo asiyen an lòd pou li abandone tout zam afe (*nan anpil ka, se yon pati obligatwa nan Lòd PFA a*). *Moun k ap asiyen an ak moun yo asiyen an kapab dakò pwoteksyon sa a oswa Tribunal la kapab òdone li apre yon seyans tribunal.* Lwa federal yo entèdi pou tout moun ki sou Lòd Pwoteksyon kont Vyolans Familyal achte oswa genyen zam afe oswa minisyon (18 USC § 922(g)(8)). Lwa yo valab pou Lòd (1) yo bay apre avètisman bay moun ki komèt abi an ak yon seyans tribunal e (2) k ap pwoteje yon “konpayon/konpay entim” moun ki komèt abi an oswa yon pitit moun ki komèt abi an oswa konpayon/konpay entim nan (18 USC § 922(g)(8));

LÒT PWOTEKSYON

- Bay moun yo asiyen an lòd pou li pa ni vann ni kache pwopriyete tribunal la idantifye.
- Bay lòd pou tretman oswa konsèy sikolojik.
- Di yon ajans fòs de lòd pou li chèche epi sezi zam afe mou yo asiyen an (*nan anpil ka, se yon pati obligatwa nan Lòd la*).
- Egzije pou moun yo asiyen an fè evalyasyon, suiv tretman oswa ale nan konsèy sikolojik.

ATANSYON: Tribunal Koze Lafanmi an gen dwa bay yon Lòd pou yon bagay ki pa nan lis sa a tou. Moun k ap asiyen an kapab mande nenpòt ki lòt bagay li panse k ap pwoteje sekirite li oswa sekirite yon timoun. Si demann nan pa nan petisyon an, tribunal la gen dwa pa kapab konsidere li nan jou seyans tribunal la. Kidonk, li enpòtan anpil pou mete tout demann pwoteksyon jiridik yo (solisyon) nan petisyon an pou garanti Tribunal la ap konsidere demann lan nan jou seyans tribunal ki planifye a.

5. Kisa yo rele lòd dijans?

Si moun k ap asiyen an panse gen yon menas danje imeda ak prezan epi li bezwen pwoteksyon touswit, li ka mande yon Lòd Dijans. Tribunal la kapab akòde yon PFA pwovizwa menm si lòt moun nan (moun yo asiyen an) pa prezan ni yo pa avèti li (si gen danje imeda ak prezan oswa si remèt moun yo asiyen an kopi Petisyon pou PFA a t ap mete moun k ap asiyen an an danje.) Sa rele yon **Lòd San Pati Opoze a (Ex Parte)**. Tribunal la kapab bay Lòd San Pati Opoze a sèlman pwovizwaman.

Yon seyans tribunal dijans ki fèt san avètisman bay moun yo asiyen an (*ex parte*) ap fèt menm jou yo depoze petisyon an oswa nan pwochen jou Tribunal la an sesyon.

Si yo bay yon lòd pwovizwa apre seyans tribunal dijans la, l ap rete an vigè jiska dat pwochen pwosedi PFA a. Yon *Lòd San Pati Opoze* pwovizwa ap dire sèlman 15 jou. Y ap planifye yon Egzamen Ka anvan Lòd San Pati Opoze a ekspire, epi y ap avèti moun yo asiyen an pou li patisipe nan pwosedi sa a. Moun yo asiyen an gen dwa pou li konnen tout akizasyon abi ki fèt yo e li gen dwa pou li kontrekare akizasyon sa yo nan Tribunal la.

Seyans Tribunal Akselere

Si yon moun k ap asiyen panse li bezwen solisyon rapidman men li pa panse li bezwen yon Lòd Dijans San Pati Opoze a, moun k ap asiyen an gen dwa mande pou yo planifye yon Seyans Tribunal Akselere Dijans. Syans Tribunal Akselere Dijans yo ap fèt disi 15 jou si gen posibilite pou yon malè imedya ki pa ka ranje rive moun k ap asiyen an oswa yon timoun minè moun k ap asiyen an oswa yon granmoun ki andikape. Si yo aksepte demann Seyans Tribunal Akselere a, Tribunal la ap planifye yon Egzamen Ka pou disi 15 jou apre yo depoze petisyon an epi moun yo asiyen an ap resevwa avètisman sou demann nan ak dat Egzamen Ka a.

6. Pou Avèti Moun yo Asiyen an yo fè yon demann PFA kont li

Pou remèt Petisyon an :

Lè yo fin depoze petisyon an, Tribunal la ap remèt lòt pati an (moun yo asiyen an) li. Moun yo asiyen an ap resevwa yon kopi petisyon an avèk akizasyon abi yo ak solisyon yo mande a, avi sou Egzamen Ka ki planifye a, ak Lòd San Pati Opoze a (si moun k ap asiyen an te mande youn epi Tribunal la te akòde li).

NÒT sou SEKIRITE: Tribunal la ap fè aranjman pou remèt papye yo bay moun yo asiyen an lepli vit posib apre yo fin resevwa petisyon an. Si moun k ap asiyen an enkyè pou lè yo pran mezi sa a sa pa mete li an danje pou malè rive li, li gen dwa mande defans ak sipò pou planifikasyon sekirite nan nimewo Liy Asistans Telefonik Nasional pou Vyolans Familyal la (National Domestic Abuse Hotline) nan 1-800-799-SAFE (7233) oswa li gen dwa kontakte resous lokal yo ki nan yon lis pi lwen nan dokimantasyon sa a.

7. Ki Fòmilè oswa Dokiman ou dwe depoze?

ATANSYON: Gen fòmilè ak asistans disponib nan Sant Resous la (Resource Center) nan biling Tribunal Koze Lafanmi yo nan Konte Kent ak Sussex, nan Admisyon Tribunal Koze Lafanmi an (Family Court Intake) nan Leonard L. Williams Justice Center nan Konte New Castle epi w ap jwenn yo sou paj entènèt Tribunal Koze Lafanmi Delaware la:

<https://www.courts.delaware.gov/family/>.

Pi ba a w ap jwenn yon lis fòmilè ki obligatwa yo tout moun k ap chèche pwoteksyon PFA dwe depoze ak yon lis fòmilè ki depann de sitiyasyon an ki nesesè nan sèten ka.

Fòmilè Obligatwa yo:

- Petisyon pou Lòd Pwoteksyon kont Abi (Petition for Order of Protection from Abuse, Fòmilè 450)
- Fèy Enfòmasyon pou Tribunal Koze Lafanmi an (Family Court Information Sheet, Fòmilè 240)

Fòmilè ki Depann de Sitiyasyon an:

- Deklarasyon Separe sou Gad Timoun (Custody Separate Statement, Fòmilè 346)
- Afidavi Lyen Parante (Affidavit of Parentage, Fòmilè 154)
- Afidavi Ou Pa Konn Adrès yon Pati (Affidavit that a Party's Address Is Unknown, Fòmilè 241)
- Afidavi pou Seyans Tribunal Akselere Dijans (Affidavit for Emergency Expedited Hearing, Fòmilè 656)
- Afidavi pou Lòd San Pati Opoze a: pou PFA Pwovizwa Dijans (Affidavit for Emergency Temporary PFA Ex Parte Order, Fòmilè 654)
- Deklarasyon San Sèman (Unsworn Declarations, Fòmilè 677)

Pi ba a w ap jwenn enfòmasyon ki gen dwa itil lè w ap ranpli chak nan fòmilè yo.

- **Petisyon pou Lòd Pwoteksyon kont Abi (Petition for Order of Protection from Abuse, Fòmilè 450)—Obligatwa**
 - Yon petisyon eksplike sa ki pase yo nan dosye a epi mande Tribunal la pwoteksyon (solisyon)
 - Moun k ap asiyen an se moun ki depoze petisyon an. Moun yo depoze petisyon kont li an se moun yo asiyen an.
 - Yon moun k ap asiyen pa oblige mete ni adrès li ni enfòmasyon pou kontakte li sou petisyon an si lè li fè sa a, sa mete moun k ap asiyen an oswa pitit moun k ap asiyen an, an danje (Seksyon 1 petisyon an)
 - Petisyon an dwe eksplike enfòmasyon yo ki bay prèv moun k ap asiyen an ak moun yo asiyen an gen yon kalite relasyon familyal ki idantifye pi wo nan dokimantasyon sa a. (Seksyon 2 petisyon an)
 - Petisyon an dwe eksplike enfòmasyon yo ki bay prèv abi an. Eksplikasyon enfòmasyon yo (Seksyon 3 petisyon an) dwe presi sou abi an ak sa ki te pase a epi li dwe gen ladan li dat si sa posib. **Tribinal la kapab sèlman konsidere zak ki dekri nan petisyon an.** Li enpòtan pou moun k ap asiyen an mete tout zak abi li vle pou Tribunal la konsidere. Tribunal la pa ka konsidere ankenn lòt zak, sòf si petisyon an amande anvan pwosè a.
 - **ENTÈPRÈT**
Si nenpòt nan pati yo pral bezwen entèprèt pou seyans tribunal PFA a, yo dwe note demann nan sou petisyon pou PFA a. Yon moun ki nan pwosè a gen dwa fè Tribunal la konn sa tou anvan dat seyans tribunal la. Tribunal la ap bezwen yo avèti li kont tan alavans pou li fè

aranjman pou entèprèt nan Seyans Tribunal la, donk tanpri di Tribunal la sa si ou bezwen yon entèprèt kou w kapab.

- **Fèy Enfòmasyon pou Tribunal Koze Lafanmi an (Family Court Information Sheet, Fòmilè 240)—Obligatwa**
 - Fòmilè sa a mande moun k ap asiyen an pou li idantifye moun yo asiyen an epi bay lòt enfòmasyon idantifikasiyon sou moun k ap asiyen an ak moun yo asiyen an.
 - Enfòmasyon sa yo kapab ede uisye sèvis jidisyè a jwenn moun yo asiyen an epi remèt li papye yo.
- **Afidavi pou Seyans Tribunal Akselere Dijans (Affidavit for Emergency Expedited Hearing, Fòmilè 656)—Depann de sitiayson an**
 - Yo depoze fòmilè sa a sèlman nan ka kote moun k ap asiyen an ap mande pou yo planifye yon seyans tribunal pou disi 15 jou EPI moun k ap asiyen an *p ap* chèche Lòd dijans.
- **Afidavi pou Lòd PFA Pwovizwa Dijans San Pati Opoze a (Affidavit for Emergency Temporary PFA Ex Parte Order, Fòmilè 654)—Depann de sitiayson an**
 - Yo depoze fòmile sa a pou mande yon seyans touswit devan Tribunal la (menm jou a oswa pwochen jou louvrab la).
 - Si yo akòde yon Lòd Pwovizwa san Pati Opoze a, l ap rete an vigè jiska dat Egzamen Ka a.
- **Deklarasyon Separe sou Gad Timoun (Custody Separate Statement, Fòmilè 346)—Depann de sitiayson an**
 - Yo dwe ranpli fòmilè sa a lè gen yon timoun minè k ap asiyen tou (yo akize moun yo asiyen an li fè abi sou timoun nan) epi/oswa moun k ap asiyen an ap mande Tribunal la okipe koze gad la pwovizwaman nan yon Lòd PFA.
- **Afidavi Lyen Parante (Affidavit of Parentage, Fòmilè 154)—Depann de sitiayson an**
 - Yo depoze li avèk nenpòt petisyon pou PFA ki gen ladan yon timoun sòf si yo etabli lyen parante timoun nan.
- **Afidavi Ou Pa Konn Adrès yon Pati (Affidavit that a Party's Address Is Unknown, Fòmilè 241)—Depann de sitiayson an**
 - Yo depoze li si moun k ap siyen an pa konnen kote moun yo asiyen an rete.
- **Deklarasyon San Sèman (Unsworn Declarations, Fòmilè 677)—Depann de sitiayson an**
 - Yo ranpli li ansanm ak nenpòt ki lòt fòmilè Tribunal ke yo depoze elektwonikman e ke yon notè pa verifye.

8. Kijan/ki kote pou yon moun fè yon demann Lòd PFA?

- Ou kapab depoze petisyon pou PFA yo, ansanm avèk tout fòmilè ki nesesè yo, an pèsonn nan yon Tribunal Koze Lafanmi, pa imèl oswa pa lapòs USPS.
- **An pèsonn nan yon Tribunal Koze Lafanmi**
 - Gen yon Tribunal Koze Lafanmi nan chak nan twa konte Delaware yo; e ou ka depoze petisyon an nan nenpòt konte kote ou oswa lòt pati an rete oswa kote ou deklare abi an te fèt. Si ou rete nan yon lòt konte poutèt abi an, ou kapab depoze nan konte sa a.
 - Nan Konte **Kent ak Sussex**, ou te mèt depoze fòmilè ranpli ou yo nan Sant Admisyon/Resous la (Intake/Resource Center) nan biling Tribunal Koze Lafanmi an.

Tribunal Koze Lafanmi Konte Kent la

400 Court Street
Dover, DE 19901

Tribunal Koze Lafanmi Konte Sussex la

22 The Circle
Georgetown, DE 19947

- Nan Konte **New Castle**, ou te mèt depoze fòmilè ou yo nan Sant Admisyon/Resous (Intake/Resource Center) Tribunal Koze Lafanmi an ki chita nan Leonard L. Williams Justice Center.

Tribunal Koze Lafanmi Konte New Castle la

500 N. King Street
Wilmington, DE 19801

- Orè Tribunal Koze Lafanmi an se lendi-vandredi 8:30-4:30. Li fèmen nan wikkenn ak jou ferye.

- **Imèl**

- FC_PFA@delaware.gov Verifye tout fòmilè yo siyen (y aksepte siyati elektwonik).
- Si fòmilè yo pa notarye, ou dwe mete Fòmilè 677 (Deklarasyon San Sèman).
- Pou plis enfòmasyon sou demann pa imèl, tanpri gade Kesyon Yo Poze Souvan sou Demann Sivil pa Imèl (Civil Filing by Email FAQ):
<https://courts.delaware.gov/family/faqs>

- **Lapòs USPS**

- Si w ap depoze fòmilè yo pa lapòs, ou kapab jwenn adrès chak tribunal sou sit entènèt Tribunal Koze Lafanmi an ak nan seksyon ki pi wo a.
- Si fòmilè yo pa notarye, ou dwe mete Fòmilè 677 (Deklarasyon San Sèman).

Tibinal la PA aksepte demann pa faks.

9. Kisa k ap pase lè ou fin depoze yon petisyon?

• Demann Dijans San Pati Opoze a (Ex Parte)

- Si moun k ap asiyen an depoze Fomilè 654, pou mande yon Lòd Dijans San Pati Opoze a, l ap wè yon Komisè oswa menm jou li te depoze a oswa nan pwochen jou louvrab la. Y ap koute Petisyon San Pati Opoze a yo te depoze apre 4:00pm nan pwochen jou louvrab la.
- Nan seyans tribunal dijans la, moun k ap asiyen an ap fè temwayaj ki idantifye relasyon li ak moun yo asiyen an, ki solisyon l ap chèche annijans, ak ki danje vyolans familyal imedya ak preznan ki genyen.
- Seyans tribunal sa a ap fèt san moun yo asiyen an pa preznan.
- Si yo bay yon Lòd San Pati Opoze a, Tribunal la ap planifie yon Egzamen Ka pou disi 15 jou.
- Lòd San Pati Opoze a ap an vigè jiska Egzamen Ka a.
- Yon uisye Tribunal Koze Lafanmi an ap remèt moun yo asiyen an papye yo: petisyon an ak lòt fòmilè moun k ap asiyen an depoze yo; Avi Egzamen Ka a pou pwochen dat Egzamen Ka a; ak Lòd Dijans San Pati Opoze a, si yo bay youn.

Ki mezi ki kapab pran si yo vyole yon Demann dijans ki fèt San Pati Opoze a?

Si yo vyole Lòd Dijans San Pati Opoze a, moun k ap asiyen an gen dwa kontakte lapolis epi yo kapab arete transgresè a. Dezobeyisans kriminèl yon PFA gen yon penalite maksimòm 1 ane nan prizon, ak 3 ane si vyolasyon an te lakòz blesi oswa te gen ladan zam ki ka touye. Se lapolis ak Depatman Jistis la ki pousuiv akizasyon kriminèl yo.

SEKIRITE

Li enpòtan pou sonje yon Lòd PFA kapab fè pati yon plan sekirite e li gen dwa dekouraje vyolans, men, gen lòt resous ak sipò ki disponib pou ede viktим vyolans familyal yo kreye plan sekirite espesyalman pou sikontans yo. Gen defansè disponib pou ede viktим yo avèk plan sekirite yo, pou akonpaye yo nan tribunal, ba yo èd jiridik, elatriye. W ap jwenn enfòmasyon sou resous defans yo nan do dokimantasyon sa a.

• Planifikasyon Priyorité (Seyans Tribunal Akselere Dijans)

- Si moun k ap asiyen an te depoze fòmilè 656 pou mande yon Seyans Tribunal Akselere, yon Komisè ap egzaminen demann nan epi deside si l ap planifie yon Egzamen Ka pou disi 15 jou.
- Si yo aksepte demann nan, y ap planifie yon Egzamen Ka pou disi 15 jou.
- Tibinal la ap fè toude pati yo konn dat ak lè Egzamen Ka a. Yon uisye Tribunal Koze Lafanmi ap remèt moun yo asiyen an tou petisyon an ak lòt fòmilè ki depann de sitiyasyon an yo ke moun ki asiyen an depoze.

- **Demann nòmal**
 - Si moun k ap asiyen an pa mande ni Lòd Dijans San Pati Opoze a ni Seyans Tribunal Akselere, Tribunal la ap planifye Egzamen Ka a pou disi 30 jou.
 - Tibinal la ap fè toude pati yo konn dat ak lè Egzamen Ka a. Yon uisye Tribunal Koze Lafanmi ap remèt moun yo asiyen an tou petisyon an ak lòt fòmilè ki depann de sitiyasyon an yo ke moun ki asiyen an depoze.
- **Avi sou Egzamen Ka**
 - Avi an ap gen dat ak lè Egzamen Ka PFA a.
 - Toude pati yo dwe patisipe nan Egzamen Ka a. Si nenpòt nan pati yo, lè li fin resevwa avi kòmsadwa, pa parèt pou Egzamen Ka a, PFA a ap gen anpil chans pou li kontinye san opinyon li. Si moun k ap asiyen an pa parèt, yo gen dwa anile petisyon PFA a. Si moun yo asiyen an pa parèt, yo gen dwa bay yon Lòd pa Defo kont li.
 - Sòf si yo fè konnen yon lòt bagay, Egzamen Ka a ap fèt sou Zoom. Moun k ap asiyen an ak moun yo asiyen an ap resevwa yon imèl nan men Tribunal Koze Lafanmi an ki gen envitasyon pou Zoom nan ladan. Si nenpòt nan pati yo pa gen kapasite vidyeo, envitasyon pou Zoom nan ap gen ladan yon opsyon pou rele ak yon nimewo telefòn.
- **Envitasyon pou Zoom ak Gid pou Itilizatè yo**
 - Si nenpòt nan pati yo bezwen mete adres imèl li oswa enfòmasyon pou kontakte li ajou avèk Tribunal la, ranpli fòmilè anliy ki sou sit entènèt Tribunal Koze Lafanmi an:

<https://www.courts.delaware.gov/family/remotehearing.aspx>
 - Pou Gid pou Itilizatè Zoom yo:

<https://www.courts.delaware.gov/family/zoom.aspx>

10. Preparasyon pou Egzamen Ka PFA a

- Si nenpòt nan pati yo pa resevwa envitasyon pou Zoom li an disi 24 èdtan anvan kòmansman Egzamen Ka ki planifye a, pou avèti Tribunal la ranpli fòmilè anliy ki sou sit entènèt Tribunal Koze Lafanmi an:

<https://www.courts.delaware.gov/family/hearingissue.aspx>
- Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis PFA a sou sit entènèt Tribunal Koze Lafanmi an: <https://www.courts.delaware.gov/family/pfa/index.aspx>

11. Kisa k ap pase nan Egzamen Ka a?

Chak pati gen dwa chwazi gen yon avoka avèk li nan Egzamen Ka a.
 Nan Egzamen Ka a, yon manm pèsonèl Tribunal Koze Lafanmi an ap rankontre avèk chak pati separeman. Pati yo ap nan de (2) sal datant separe sou platfòm Zoom nan. Moun k ap asiyen an ak moun yo asiyen an p ap pale youn ak lòt pandan pati sa a nan pwosesis la.

Se kiyès ki prezan k ap detèmine kijan Egzamen Ka a ap kontinye.

- Si se yon sèl pati sèlman ki prezan, gen twa opsyon posib :
 - Ranvwa
 - Si pati ki absan an pa t resevwa bonjan avi pou li vini, yo gen dwa ranvwaye dosye a pou yon lòt jou.
 - Si Tribunal la pa t kapab remèt papye yo kòmsadwa bay moun yo asiyen an, epi dosye a ranvwaye, moun k ap asiyen an gen dwa amnde pou yo pwolonje yon Lòd San Pati Opoze a yo te bay deja jiska dat pwochen Egzamen Ka a.
 - Defo
 - Si moun k ap asiyen an parèt men moun yo asiyen an absan epi moun yo asiyen an te resewa avi kòmsadwa, moun k ap asiyen an kapab mande yon Lòd PFA pa Defo.
 - Moun k ap asiyen an ap gen yon seyans tribunal avèk Komisè a menm jou a.
 - Komisè a ap pran temwayaj moun k ap asiyen an epi deside si l ap bay yon Lòd PFA pa Defo.
 - Yon Lòd PFA yo bay pa Defo pa gen diferans ak yon Lòd yo bay apre yon seyans tribunal yo fin diskite nèt.
 - Anilasyon
 - Si moun yo asiyen an parèt men moun yo asiyen an pa parèt epi yo te remèt moun k ap asiyen papye yo kòmsawa, petisyon an ap anile.
 - Dosye PFA a ap fini epi tout Lòd Dijans San Pati Opoze a ap fini.
- Si toude pati yo prezan, gen kat opsyon posib :
 - Ranvwa
 - Si nenpòt nan pati yo panse li pa pare pou fè Egzamen Ka a, l ap fè medyatè a konn sa. Yon Komisè ap egzaminen Demann Ranvwa a epi deside si y ap ranvwaye Egzamen ka a ak si y ap pwolonje Lòd San Pati Opoze a si genyen.
 - Si yo ranvwaye dosye a, pati yo ap resevwa nouvo dat ak lè pou Egzamen Ka a ak yon imèl ki gen envitasyon pou Zoom pou pwosedì ki planifye a.
 - Anilasyon
 - Si moun k ap asiyen an pa vle Lòd PFA ankò, toude pati yo gen dwa mete yo dakò sou yon Rejè Plent.
 - Konsantman
 - Manm pèsonèl la ap pale avèk chak pati separeman pou konnen si pati yo kapab antann yo sou yon Lòd PFA ki gen ladan solisyon presi.
 - Manm pèsonèl la gen dwa ale-tounen ant pati yo plizyè fwa pou bay toude pati yo chans negosye yon akò.
 - Si pati yo kapab antann yo, yo prale devan Komisè a menm jou sa a pou yon seyans tribunal pou anrejistre akò pa konsantman an. Nan seyans tribunal la moun k ap asiyen an ak moun yo asiyen an ap gen anpil chans pou yo kapab wè ak tandé youn lòt, men p ap gen anpil chans pou yo pale youn ak lòt.

- Komisè a ap egzaminen kondisyon yo pou sèten toude pati yo konprann e dakò solisyon ki nan Lòd PFA a.
 - Avèk yon Lòd pa Konsantman, moun k ap asiyen an pa pwouve abi an te fèt epi moun yo asiyen an pa admèt ni demanti li komèt abi. Pati yo dakò solisyon oswa kondisyon presi epi Tribunal la aksepte akò yo a epi li bay yon Lòd pa Konsantman.
 - Yon Lòd pa Konsantman pa ka sèvi nan ankenn lòt dosye tribunal kòm prèv moun yo asiyen an te komèt abi.
 - Yo aplike yon Lòd pa Konsantman menm jan ak yon lòd yo bay apre Pwosè.
- Pwosè
 - Si pati yo pa kapab mete yo dakò nan Egzamen Ka a, y ap planifye yon Pwosè pou dosye PFA a.
 - Y ap bay toude pati yo dat ak lè Pwosè a. Pwosè a p ap fèt menm jou ak Egzamen Ka a.
 - Tout Lòd San Pati Opoze a ki genyen gen dwa rete an vigè jiska dat Pwosè a.
 - Toude pati yo dwe patisipe nan Pwosè a. Si nenpòt nan pati yo pa parèt nan Pwosè a, yon kapab pran yon desizyon nan dosye li an san opinyon li.

12. Preparasyon pou Pwosè

- Nan yon Pwosè, moun k ap asiyen an pral eseye bay prèv solid te gen abi.
- Moun k ap asiyen an ak moun yo asiyen an ap toude gen chans temwaye, prezante prèv epi rele temwen.
- Sòf si yo di yo yon lòt bagay, toude pati yo ap parèt an pèsonn nan biling Tribunal Koze Lafanmi an. Si nenpòt nan pati yo pa kapab vini nan pwosè li a an pèsonn, li gen dwa mande patisipe a distans avèk Fòmilè 584—Demann pou Patisipe A Distans.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis PFA a sou sit entènèt Tribunal Koze Lafanmi an: <https://www.courts.delaware.gov/family/pfa/index.aspx>

- **PRÈV YO**
 - Prèv se yon bagay yo bay Tribunal la ki ede yon moun pwouve yon enfòmasyon li vle pou tribal la konnen sou dosye li an. Chak pati gen dwa depoze prèv pandan pwosè li an. Ou dwe pote prèv yo nan tribal la nan jou pwosè w la.

- Pou plis enfòmasyon sou preparasyon prèv pou dosye Tribunal Koze Lafanmi w lan, ale sou
https://www.courts.delaware.gov/help/proceedings/fc_CourtHearing.aspx
- Men kèk egzanp prèv men gen lòt toujou:
 - **Temwayaj**
 - **Foto**
 - **Mesaj pa telefòn**
 - **Mesaj pa tèks oswa imèl**
 - **Kondanasyon kriminèl oswa rekonesans kilpabilite** pou abi moun yo asiyen sa a fè kont moun k ap asiyen sa a (dokiman an dwe gen sètifikasyon si li soti nan nenpòt Tribunal ki pa Tribunal Koze Lafanmi Delaware la). Pou jwenn yon kopi sètifye yon kondanasyon oswa rekonesans kilpabilite nan men Tribunal ki te bay Lòd sa a ou gen dwa mande grefye a oswa yon anplwaye tribunal la ki gen otorizasyon pou li siyen ak konfime li kòrèk (sètifikasyon).
 - **Pwopriyete ki donmaje**
 - **Dosye medikal** (sètifye dapre Règ sou Fason pou Sèvi ak Prèv yo), Ou gen dwa oswa konvoke gadyen dosye medikal yo oswa lòt temwen kalifye pou temwaye epi pote dosye yo nan Tribunal la, oswa ou gen dwa pran kopi "sètifye" dosye medikal yo (si se sa, ou **pa** bezwen temwen). Sètifikasyon pou dosye medikal yo dwe soti nan men gadyen dosye medikal yo oswa nan men yon lòt moun kalifye k ap travay pou doktè oswa lopital la epi li dwe tabli sa ki annapre yo:
 - (1) yon moun ki gen konesans te fè rapò a (dosye oswa done sou kèlkeswa fòm nan, sou zak yo, evènman yo, eta medikal yo, opinyon yo oswa dyagnostik yo),
 - (2) li te fèt pandan aktivite biznis nòmal, epi
 - (3) biznis sa a gen kòm aktivite nòmal pou li fè memorandòm, rapò, dosye oswa done.
 - Gade DRE 803(6) ak D.R.E. 902(11) oswa D.R.E. 902(12).
 - **Apèl 911** Ou kapab jwenn yon kopi sètifye apèl 911 lan nan men Sant Apèl 911 nan pa manda.
- **TEMWEN YO**
 - Yon temwen se yon moun sou sèman k ap bay Jij la oswa Komisè a enfòmasyon nan Tribunal la, ki wè ak je li yon zak abi oswa ki obsève yon blesi.
 - Yon temwen dwe parèt nan seyans tribunal la pou temwaye. Tribunal la P AP akspete ni lèt ni afidavi.
 - Chak nan pati yo gen dwa mennen temwen nan Pwosè a pou temwaye.
 - Si pwosè w la ap fèt an pèsonn men ou vle pou temwen w lan temwaye sou Zoom, ou gen dwa fè Tribunal la demann sa a avèk Fòmilè 584—Demann pou Patisipe A Distans.
- **MANDA POU TEMWEN KONPARÈT YO**
 - Yon Manda pou temwen konparèt se yon Lòd pou vini nan Tribunal la.
 - Yon temwen kapab temwaye menm si yo pa konvoke li.

- Li enpòtan pou tout temwen yo resevwa manda pou konparèt anvan Pwosè a pou garanti yo vini nan jou Pwosè a.
- Si yon temwen pa resevwa manda pou konparèt nan yon delè rezonab anvan Pwosè a, Tribunal la gen dwa pa akòde ranvwa pou temwen sa a temwaye.
- Nenpòt ki moun ki pa pati nan pwochè a kapab remèt yon temwen manda pou li konparèt.
- Ou kapab jwenn kopi manda pou temwen konparèt yo nan men Tribunal Koze Lafanmi an anvan pwochè a.

13. Kisa k ap pase nan Pwosè PFA a?

- Chak pati gen dwa chwazi gen yon avoka avèk li nan Pwosè a.
- Komisè a gen dwa otorize prezantasyon ka kout. Moun k ap asiyen an ak moun yo asiyen an ap yo chak gen chans di Tribunal la sa ki te rive a ak bay enfòmasyon sou dosye yo a epi ofri nenpòt ki lòt prèv yo genyen. Yo gen dwa rele temwen yo pou eksplike enfòmasyon sou dosye a ke yo konnen yo.
- Moun k ap asiyen an ap prezante ka li an an premye. Moun k ap asiyen an ap temwaye e li gen dwa prezante lòt prèv. Moun yo asiyen an ap kapab poze kesyon (entèwoje pati opoze a) sou nenpòt nan temwen moun k ap asiyen an oswa di li pa dakò ak prèv moun k ap asiyen an bay. Lè moun k ap asiyen an fin prezante ka li an, moun yo asiyen an gen dwa mande pou yo anile dosye a. Y ap akòde demann sa a si Tribunal la pa panse moun k ap asiyen an bay prèv abi an te fèt. Moun yo asiyen an kapab prezante prèv kòm defans tou, e lè sa a moun k ap asiyen an kapab entèwoje nenpòt nan temwen moun yo asiyen an oswa di li pa dakò ak prèv moun yo asiyen an bay. Komisè a gen dwa poze ni moun k ap asiyen an ni moun yo asiyen an kesyon. Tribunal la gen dwa kite pati yo oswa avoka yo fè dènye deklarasyon kout.
- Komisè a ap gade prèv yo epi l ap deside si moun k ap asiyen an pwouve abi an te fèt.
- Si moun k ap asiyen an pwouve abi an te fèt, Komisè a ap bay yo Lòd PFA e l ap deside ki pwoteksyon jiridik k ap genyen nan Lòd sa a. Si moun k ap asiyen an pa pwouve abi an te fèt, Komisè a ap anile petisyon an e li p ap bay ankenn Lòd. Yon Lòd San Pati Opoze a ki te an vigè ap fini.
- Si yo bay Lòd, toude pati yo ap resevwa kopi apre pwochè a.

14. Pou Konprann Lòd PFA a

- Lòd PFA a di ki pwoteksyon jiridik yo bay moun ki asiyen an, tankou pa pran kontak, pa fè abi, gad timoun pwovizwa, elatriye, epi li di pandan konbyen tan Lòd la ap an vigè.
- Yon Lòd PFA antyèman aplikab ke yo te bay lòd la pa Defo, pa Konsantman pati yo, oswa apre yon seyans tribunal yo fin diskite nèt.

Konbyen tan Lòd PFA a dire?

- Yon Lòd PFA kapab gen ladan yon varyete pwoteksyon. Diferan kalite pwoteksyon yo dire differan kantite tan. Lòd tribinal ki egzije pou moun yo asiyen an rete lwen, pa fè lòt abi, oswa remèt zam afe kapab rete an vigè pandan yon ane, de (2) ane, oswa menm pou toutan, dapre sikonsans yo.
- Gen lòt pwoteksyon jiridik nan yon Lòd PFA tankou gad timoun, soutnans, posesyon yon rezidans, oswa utilizasyon afè pèsònèl ki pwovizwa e ki pa dire pi lontan pase yon ane.
- Si gen yon pwosedi pou Gad Timoun, Vizit oswa Soutnans separe anvan yon ane, Lòd yo bay nan pwosedi sa yo ap ranplase Lòd Pwovizwa pou Gad Timoun, Vizit oswa Soutnans ki nan PFA a.
- Gen sèten kalite pwoteksyon jiridik ki disponib nan PFA ki kapab dire pi lontan e ki ka menm pou toutan.
 - Si Komisè a konkli gen sèten bagay ki pase—sa lalwa rele ‘sikonsans agravan’—alòs Lòd la kapab dire pou tout tan Tribinal la jije k ap pi byen pwoteje moun ki sibi abi an. Nan ka sa yo, Lòd yo kapab pou toutan. Men yon lis bagay yo kapab konsidere kòm ‘sikonsans agravan’:
 - Donmaj nan kò, sitou si li grav, moun yo asiyen an bay moun k ap asiyen an.
 - Itilizasyon zam ki ka touye oswa lòt enstriman danjre moun yo asiyen an fè kont moun k ap asiyen an;
 - Moun yo asiyen an abitye vyole Lòd pou Pwoteksyon yo;
 - Kondanasyon kriminèl moun yo asiyen an pou krim kont moun k ap asiyen an;
 - Fè nenpòt ki manm nan fanmi oswa nan moun ki rete lakay moun k ap asiyen an riske blese fizikman;
 - Nenpòt ki lòt zak abi ki kreye yon ‘danje imedya ak konstan’.

15. Kisa k ap rive si yo vyole yon Lòd PFA? RELE 911

- Vyolasyon kont Lòd Tribinal kapab gen konsekans grav. Yon PFA anrejistre nan Sistèm Enfòmasyon Jistis Penal Delaware la – sa ki fèt menm jou oswa nan landmen seyans tribunal kote yo bay li an. Yo gen dwa arete nenpòt ki moun ki vyole yon Lòd PFA, si moun sa a te okouran PFA a. Sa vle di si yo akòde ou yon Lòd PFA, ou kapab rele lapolis si ou panse yo vyole Lòd la.
- Ou kapab depoze yon Demann pou Dezobeyisans a Tribinal ki di moun yo asiyen an pa respekte Lòd PFA a. Lè sa a yo gen dwa mennen transgresè a devan Tribinal e si yo etabli vyolasyon an, penalite yo kapab:
 - Yo jije li dezobeyi PFA a;
 - Pousuit kriminèl; ak
 - Anprizònman, oswa amann, oswa toude.

- Jan nou fèk eksplike li, Moun k ap asiyen an kapab depoze yon Demann pou Dezobeyisans poukонт li, ki mande yon Jijman Dezobeyisans a Tribunal. Gade *Demann pou Dezobeyisans a Lòd PFA (Motion for Contempt of PFA Order)* **Fòmilè 457**.
- Si yon Komisè jije transgresè a komèt Dezobeyisans, Komisè a ka modifye Lòd la pou prevwa plis pwoteksyon, pwolonje Lòd la oswa enpoze amann.

16. Èske yo kapab chanje oswa wete Lòd PFA yo?

Pati a ki vle chanje yon Lòd Pwoteksyon yon sèten fason gen dwa depoze, devan Tribunal Koze Lafanmi an, yon fòmilè ki rele Demann pou Modifye, Pwolonje oswa Anile Lòd Pwoteksyon kont Abi (Motion to Modify, Extend or Rescind Order of Protection from Abuse). **Fòmilè 456**. Tribunal la gen dwa modifye yon Lòd ki pa pa konsantman sèlman si pati k ap mande modifikasyon an bay prèv gen rezon valab pou chanjman an. Tribunal la gen dwa modifye yon Lòd pa Konsantman si toude pati yo dakò oswa si yo jije moun yo asiyen an Dezobeyi Lòd pa Konsantman an.

17. Kisa k ap pase lè PFA a fin ekspire?

- Si gen yon Lòd yo te bay deja ki planifye pou li ekspire epi moun k ap asiyen an ta renmen pou yo pwolonje Lòd la pou pi lontan, moun k ap asiyen an kapab depoze yon Demann pou Pwolonje Lòd Pwoteksyon kont Abi. **Fòmilè 456**.
- Si abi an kontinye lè yon Lòd PFA fin ekspire, yon moun k ap asiyen kapab chèche pwoteksyon nan depoze yon lòt petisyon pou PFA ak fòm ki depann de sitiyasyon an ki gen pou wè ak li.
- Si gen yon solisyon yo òdone nan PFA a ke nenpòt nan pati yo ta renmen pou yo pwolonje pou plis pase yon ane, nenpòt nan pati yo gen dwa depoze petisyon apwopriye a devan Tribunal Koze Lafanmi an. Pami solisyon sa yo gen Gad Timoun, Vizit, Soutnans pou Timoun oswa pou Mari/Madanm oswa Divòs ak Divizyon Pwopriyete. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis sa yo sou sit entènèt Tribunal Koze Lafanmi an www.courts.delaware.gov/family

18. Èske yo kapab fè apèl desizyon Tribunal la?

Si ou pa dakò ak desizyon Tribunal la nan dosye a, ou gen dwa fè apèl desizyon Komisè a devan yon Jij Tribunal Koze Lafanmi an lè ou depoze yon Demann pou Egzamen Lòd yon Komisè (Request for Review of a Commissioner's Order). **Form 455**. Ou dwe soumèt apèl Lòd Komisè yo devan Tribunal Koze Lafanmi an disi trant (30) jou apre Lòd la.

E si yo te rejte petisyon an poutèt moun k ap asiyen an pa t parèt?

Moun k ap asiyen an kapab mande pou yo relouvè petisyon pou PFA li an lè li depoze yon Demann pou Relouvè (Motion to Reopen) (**Fòmilè 191**) devan Tribunal la. Moun k ap asiyen an dwe voye kopi Demann pou Relouvè a bay moun yo asiyen an. Moun k ap asiyen an dwe dekri egzakteman poukisa li pa t vini nan seyans tribunal la nan dat ak lè ki te planifye yo. Si te gen yon ijans oswa yon lòt rezon valab ki te anpeche li vini, li dwe tache dokiman avèk Demann pou Relouvè a ki montre poukisa li pa t kapab vini nan seyans tribunal la. Paregzanp, si te gen yon ijans medikal ki te egzije pou moun k ap asiyen an ale nan sal dijans touswit anvan oswa nan lè Egzamen Ka a, Seyans Tribunal la, oswa Pwosè a, yon kopi dosye medikal sal dijans lopital la ki montre tretman medikal yo te bay la ak dat ak lè admisyon an ak egzeyat la dwe tache ak Demann nan. Nan egzant sa a, pou rezon konfidansyalite, yo te kapab bare tretman medikal yo te bay la sou kopi moun yo asiyen an. Nòmalman, Tribunal la ap deside si l ap relouvè dosye a lè li fin bay moun yo asiyen an chans reponn Demann nan.

19. Resous pou sipò ak defans

Pou jwenn yon avoka:

- Si ou ta renmen asistans pou jwenn yon avoka, oswa pou wè si ou kalifye pou asistans jiridik gratis, ou kapab ranpli yon referans sou Lyen Èd Jiridik Delaware la: <https://delegalhelplink.org>
- Epitou, Asosyasyon Bawo Eta Delaware la (Delaware State Bar Association, DSBA) kòmandite yon sèvis referans pou avoka. Gade www.dsba.org/resources/public-resources
- Si ou chwazi pa pran avoka oswa si ou pa gen lajan pou pran youn, ou gen dwa reprezante tèt ou.

Sant Antrèd:

Gen yon sant resous antrèd nan chak lokal Tribunal Koze Lafanmi pou ede ou. La a ou kapab jwenn enfòmasyon ak fòmilè pou yon dosye PFA. Pèsonèl Tribunal Koze Lafanmi an kapab fè yon ti ede ou nan idantifye ki fòmilè ou bezwen ranpli ak depoze. Men pèsonèl Tribunal Koze Lafanmi an pa kapab ni ba ou konsèy jiridik ni ranpli fòmilè yo pou ou. Se ou ki pou deside sa ou vle fè nan pwosè w lan ak sa ou vle di nan petisyon oswa nan demann ou an. Tribunal Koze Lafanmi an gen yon Sant Apèl tou ki kapab bay enfòmasyon.

Tribinal Koze Lafanmi:

Konte New Castle 302-255-0300

Konte Kent 302-672-1000

Konte Sussex 302-855-7400

Pwogram Defans kont Vyolans Familyal:

Defansè yo, ki *pa* avoka, disponib pou ede viktim vyolans familyal yo nan ekri ak depoze petisyon pou PFA, nan bay enfòmasyon sou pwosesis la, nan mete yo an kontak avèk resous kominotè ki disponib yo epi nan akonpaye viktim yo nan pwosedi PFA yo. Yo gen dwa voye viktim yo nan pwogram avoka benevòl pa yo oswa nan pwogram avoka benevòl ke Delaware Volunteer Legal Services ak Community Legal Aid Society Inc. ofri yo.

Pwogram Defans kont Vyolans Familyal yo:

Konte New Castle 302-255-0420

Konte Kent 302-672-1075

Konte Sussex 302-856-5843

Liy Èd Telefonik 24 sou 24 yo

Liy Èd Telefonik 24 sou 24 yo pou Vyolans Familyal:

Konte New Castle 302-762-6110

Konte Kent ak Sussex 302-422-8058

Liy sipò 24 sou 24 nan ka kriz yo

Liy Èd Telefonik nan Ka Kriz Konte New Castle 302-761-9100

Liy Èd Telefonik nan Ka Kriz Konte Kent ak Sussex 800-262-9800

Liy Èd telefonik 24 sou 24 pou Abi ak Neglijans sou Timoun:

1-800-292-9582

Pwokirè Jeneral:

Konte New Castle 302-255-0112

Konte Kent 302-739-4211

Konte Sussex 302-856-5353

20. Enfòmasyon pou moun yo Asiyen yo

• Pou Reponn yon Petisyon pou PFA

- Si yon moun depoze yon petisyon ki gen akizasyon abi, moun yo asiyen an oblige parèt nan Tribunal nan dat ki egzije a pou reponn deklarasyon ki fèt yo. (Rapèl: "*moun yo asiyen an*" se moun k ap reponn deklarasyon yo.)
- Moun yo asiyen yo gen dwa chwazi reprezante tèt yo oswa anboche yon avoka. Tribunal la pa ofri reprezantasyon pou okenn nan pati yo nan dosye PFA.
- Moun yo asiyen yo pa bezwen depoze repons pou Petisyon pou PFA a.

Liy Èd Telefonik 24 sou 24 yo pou Vyolans Familyal: Konte New Castle 302-762-6110 Kent ak Sussex 302-422-8058

- Pafwa, toude moun yo deklare lòt moun nan te abize li e yo toude depoze Petisyon pou PFA. Si moun yo asiyen an panse li te viktim abi nan men moun k ap asiyen an, moun yo asiyen an dwe depoze yon petisyon separe epi obeyi tout enstriksyon ki dekri pi wo a. Sinon, Tribunal la pa kapab konsidere ankenn zak abi ki te petèt komèt kont moun yo asiyen an.
 - Moun yo asiyen an dwe reflechi tou sou jwenn konsèy jiridik oswa reprezantasyon pou reponn akizasyon petisyon ki gen akizasyon abi an.
 - Moun yo asiyen an ap gen chans prezante prèv pou defann tèt li pa rapò ak akizasyon abi ki genyen kont li yo.
- **Pou remèt petisyon pou PFA a, lòt fomilè ki gen pou wè avèk li yo ak Lòd PFA a**
 - Lè yo fin depoze yon petisyon pou PFA, Tribunal la ap remèt lòt pati an (moun yo asiyen an) li. Nan sèten ka, moun k ap asiyen an pa konnen kote moun yo asiyen an ye. San enfòmasyon sou kote moun yo asiyen an ye, li pa posib pou Tribunal la jwenn moun yo asiyen an epi mete li okouran petisyon an ak Egzamen Ka a oswa Pwosè a (oswa pwosedi nan tribunal la). Lalwa bay moun k ap asiyen an yon lòt fason pou avèti moun yo asiyen an. Pèsonèl Tribunal la ap bay moun k ap asiyen an yon dokiman pou li ranpli ki di li pa konn adrès moun yo asiyen an. Nan ka sa a, Tribunal la ap fè aranjman pou publikasyon nan konte kote moun k ap asiyen an panse moun yo asiyen an rete. Lè li fin pibliye avi an yon fwa, Tribunal la ap resevwa yon Afidavi Biblikasyon nan men jounal la. Apre sa ap gen yon Egzamen Ka.
 - **Zam afe**
 - Nan pifò ka yo se yon krim selon lwa Eta a ak/oswa lwa Federal yo pou yon moun ki gen yon Lòd PFA kont li gen zam afe, zam ki ka touye oswa minisyon pandan dire Lòd la.
 - Si Tribunal la gen rezon kwè yon moun yo asiyen gen nan men li zam afe nan moman yo bay Lòd PFA a, Lòd la ap gen pawòl presi ki bay moun yo asiyen an enstriksyon pou li remèt zam afe yo nan yon ajans lapolis lokal.

Sètifikasyon Endisponibilite Zam Afe (Certification of Firearm Unavailability, Fòmilè 435)

Moun yo asiyen an dwe sèvi ak fòmilè sa a nan yon PFA si Tribunal la bay li lòd pou li remèt zam afe epi moun yo asiyen an oswa pa genyen, oswa pa gen nan men li, oswa pa gen kontwòl sou zam afe yo oswa li pa kapab pran yo.

Prèv Transfè Zam Afe (Poof of Transfer of Firearms) - pou vandè zam afe ki gen pèmi federal yo. (Fòmilè 437)

Moun yo asiyen an dwe soumèt fòmilè sa a si yo ba li lòd remèt zam afe epi li te transfere zam afe yo bay yon vandè ki gen pèmi federal.

Yo depoze Petisyon pou PFA a

Planifikasyon yon Egzamen Ka Pwoteksyon kont Abi

